

ALE NAN LOPITAL OUBYEN RETE ISIT LA?

Yon Dokiman pou Ede Malad yo
ak Fanmi Yo Pran Desisyon





Èske w te konnen pwèske mwatye nan transfè nan lopital yo te ka evite?

Dokiman sa a pwal ede ou konprann poukisa transfè sa yo fèt epi ki jan ou kapab patisipe nan desizyon.



CHANJMAN NAN KONDITION OU

Kesyon pou voye ou nan lopital oswa kenbe ou isit la ka vini si kondisyon ou chanje. Chanjman sa a ka yon lafyèv , pwoblem respirasyon, doulè akoz yon so ou te pran oswa lòt chanjman nan eta sante ou. Si sa rivé, Ajans Medikal-ou gen pou responsabilité-l pou-l ekspliké-ou chanjman é desizion ki ka bezwen fè pou ba-ou pi bon trétman ki posib.

“Mwen vle patisipe 100%.” (Pasyan)

POUKISA NOU DWE PANSE A SA KOUNYE A?

Enfòmasyon sa yo ke ou jwenn nan se pouw ka pran yon desizyon responsab si kesyon pou al lopital la ta rive sou ou. Li difisil pou balance sak bon koté é move koté ale nan yon lopital lè ou vin malad oubyen deside ki tretman ou pito nan mitan yon maladi.

“Nou fè tout sa nou kapab pou nou kenbe yo isit la. Nou fè tès anvan, evalyasyon ki apropriye, tès dyagnostik, kèlkeswa sa nou ka fè anvan nou transfere nan lopital.”
(Enfimyè)

SI LI SE PA YON IJANS

Si se pa yon ijans enfimyè ap evalye kondisyon ou:

- Mande ou sa ki te pase, koman ou santi ou e ki kote ki fè ou mal
- Koute jan kè ou ak poumon ou fonksyone
- Pran tanperati ou , tansyon ak nivo oksijèn ou
- Fè tès nan san ak pipi ou

Ou ka mandé pou rezulta yo épi di infimyé a si ou pansé doktè ou, fanmi ou, yon zanmi, oswa yon moun kap bay-w swen èské yo ta dwé rélé moun sa yo. Si ou gen enkyetid pou yo ta alé ou nan yon lopital se nan tan sa a pou eksprime yo.

SI SE YON IJANS

Nan yon sitiyasyon kote lavi ou menase,, anplwaye yo ka rele 911 pou transpoté-w nan dépatman ijans lopital touswit a mwenské ou té ba yo yon dokiman ki di Pa Intènè. Yo ap rele tou doktè ou ak lòt founisè swen medical (tankou enfimyè oswa asistan doktè) ou ak yon mamm fanmi-yan, yon zanmi, oswa yon moun kap bay swen. u gen dwa di anplwayé a davans kiyès ou vlé rélé an-ka dijans.



REZON POU PITÔ CHWAZI PRAN SWEN ISIT LA

Anpil tès ak tretman kapab bay nan etablisman kalifye oswa nan sant mézòn rétrèt:

- Medikaman
- Radyografi
- Tès san
- Oksijèn
- Swen pou blesi
- Tcheke sou ou epi bay rapò ak doktè ou ak lòt founisè swen sante ou genyen
- Swen ki pou ran ou konfòtab (sulajman doulè, medikaman likid , repozew sou kabann)
- IV (Nan venn) Medikaman likid kèk kote
- Fizikal oswa Terapi Okipasyonèl
- Terapi pou fè moun Palé

Ou ka mande enfimyè ou, doktè oubyen lòt founisè swen sante ou genyen ki lòt bagay ki ka fè isit la pou ou.

REZON POU PITÔ CHWAZI PRAN SWEN NAN LOPITAL

Lopital ka fè plis tès ak bay plis tretman ki konplike tankou:

- Siveye kè ou
- Analize kò ou
- Swen entansif
- Transfizyon san
- Operasyon

GENYEN DANJE TOU LÈ OU /ALE LOPITAL

Lè yo mennen ou lopital sa ka ba ou pa konnen. Gen anpil chans pou eksplike pwoblèm ou ak enfimyè osinon doktè ou fèk rankontre. Ou wap fè fas ak gwo dange tou pou ta gen mak sou po ou , danje pou infektion oubyen pou ta tonbe yon kote ou pa abitye. Ou ta dwé fè anpil atansyon sou tout faktè lè w-ap pran desizyon-ou yo.

“Li depann de
ki sakap pase,
gravite maladi
a. Banm yon
ide sou sa
lopital la ka fè
pou mwen ak sa
yo ka fè pou
mwen isit la.
“ (Pasyan)

“M pa pa vle
peze bouton
kap fè pè a
poum voye li
nan lopital sim
ka kontwole li
isit la.”
(Piti gason)

PATISIPE NAN DESZYON AN

Ou gen dwa pou konnen sa kap pase ou, ki trétman ki disponib, risk ak benefis nan trétman sa yo, kòmam yo fé désizyon pou swen ou é kòmam ou patisipé nan fè désizyon sa yo.

Ou ka vle pale ak moun sa yo sou chwa ou yo:

- Enfimyè
- Doktè oubyen lòt founisè swen sante
- Travayè sosyal
- Konseye espirityèl
- Manm fanmi
- Zanmi pwòch
- Moun kap bay swen pou pèmèt yon lanmò natirèl

Sa yo se desizyon ki sitou gade ou. Se ou menm kap deside ak kiyes wap pale epi ki opinyon wap respekte.

Ou ka fè konnen ki sa ou deside pandan:

- Wap pale ak moun nou site pi wo a
- Ekri sa ou ta renmen epi di moun ki kote yo ka jwenn dokiman yo
- Ranpli dokiman direktiv yo davans tankou:
 - Pouwva avoka Nan swen sante
 - Prokirasyon Swen sante (bay non yon moun ki ka pran desizyon swen sante po ou si ou pa ta kapab.
 - Volonte ou pandan wap viv(presize preferans ou pou ta sispann ba ou swen pou kenbe ou vivan)
 - Mande yon desizyon pou yon DNR (pou pèmèt yon lanmo natirèl) oubyen yon DNH (pa ale lopital)
 - Lod yon Dokte pou sa yo rele tretman pou soutni la vi oswa fòm ki menm jan
 - (POLST) Lod Trétman Medikal pou soutni la lavi, (MOLST) oswa yon menm fòm ki akseptab nan eta koté ou ye-a.

KI SA NOU KAPAB FÈ POU EDE OU AK PWOSEDI SA A?

Si ou toujou gen kesyon, tanpri mande pou pale ak enfimyè ou, travayè sosyal, doktè, tankou yon konséyé legal .



“Yo (residan ak fanmi ka pran yon dezizyon ki responsab sèlman si yo gen tout enfòmasyon.” (Doktè)



Infòmasyon pou Fanmi, Zammi, é Moun kap bay Swen a Rezidan ki pa Kapab éksprimé sa yo vlé.

“Mwen toujou
mande li, saw
panse? Mwen
eksplike e
mwen pase sou
tout bagay avek
li.”

(Husband)

“ Kite fanmi an
konnen , asire
yo okouran
tout tès ki fèt ,
rezulta yo, ede
anpil nan
desizyon yo.
Byennèt li se
premye sousi
mwen.”

(Sister)

1. Kijan rezidan-a n ka patisipé nan désizyon sou transfè-l nan lopital -la?

Yap voye fanmi ou an lopital si sa nesesè sof si moun nan ta nan yon nivo avanse nan maladi a, li sou pwoteksyon oswa si li gen direktiv davans ki fè konnen li pa bezwen okenn swen lopital.

2. Eske fanmi mwen ka tSi rezidan-an pa kapab éksprimé volonté li, èské nou ta dwé toujou di li kisa kap pasé? oujou patisipe nan diskisyon sou transfè nan lopital la?

Wi. Rezidan an gen dwa pou-l konnen kisa kap pasé épi yo ta dwé trété-l tankou si li konprann sitiayson-an. Gen kèk moun ki ka vin inkyété oswa pè si yo déplasé-l é mété-l nan yon place ké-l pa abityé san éksplikasyon. Asiré ké-w itilizé mo simp, dirèk tankou, “(Ou malad”, “Doktè ou pansé ké ou ta dwé alé nan lopital-la)”. Itilizé yon vwa trunkil ak yon kalm lè wap ékspliké sitiayson a rezidan-an.a depann sou koman pwoblema memwa a devlope ak koman manm fanmi ou an ye nan moman an. Sa yo ki fek rankontre pwblema sa a kapab di sa yo vle fe. Sa yo ki nan yon nivo avanse gen dwa pa.

3. Koman mwen kapab (kom yon manm fanmi, zanmi, oswa moun kap bay swen) asirem map patisipe konplètman nan tout faz desizyon an?

Ou ka bezwen rampli kèk fòm legal pou kap fè sa. Mandé doktè ou, lòt travayè medikal oswa travayè sosyal isi-ya pou plis infòmasyon é détaye. Li pi bon pou-ou fè sa anvan yon kesyon sou trétman oswa sou transfè nan lopital si a ta vin rivé.

FAQs

KESYON MOUN POZE SOUVAN

SOU TRANSFERE NAN LOPITAL

1. Ki sa yon “founisè swen sante” ye?

Founisè swen sante kapab yon doktè (MD), doktè nan osteopatik (DO) enfimyè pratikan (NP) osinon asistan doktè (PA).

2. Poukisa doktè mwen ou lòt founisè swen sante ta konsidere voye mwen nan yon lopital?

Si wap fe fas ak yon blesi oubyen gwo chanjman nan kondisyon ou founisè swen sante ou ka rékòmandé ou alé nan yon lopital pou trétman.

3. Kilè rete isit la se pi bon chwa pou mwen?

Si nou kapab bay swen ou bezwen an, lè sa a, rete isit la kap pi bon chwa.

4. Ki kalite swen ki ka bay isit la?

Li varye soti nan yon etablisman pou rive nan yon lòt men pifò kapab bay medikaman nan bouch oswa piki, IV (Nan venn) likid eksepte transfizyon san, rekomande tès ak radiografi tout laboratwa fè. Fè tchèk periodic sou kondisyon ou.

5. Ki lot rezon m ta dwe genyen poum prefere pran swen isit la?

Gen plizyè rezon. Ou abitye ak anplwaye yo ak sa nou fè tout tan. Amplwaye yo deja konnen ou, istoua sante ou, sa ou bezwen epi genyen genyen pi piti chanjman nan sa ou abitye fè si ou rete isit la. transfè pou kont li ka fatigan epi menm toumante lespri ou. Nan lopital la kapab gen difikilte. Ou ka gen plis risk pou konplikasyon nan lopital la.

6. Kilè ale nan yon lopital ta dwe pi bon chwa pou mwen?

Lopital yo gen pi bon ekipman ak amplwaye pase mézon rétrèt yo. Yo ka fè tès laboratwa ki pi konplike. radiografi ak analiz, kontwole kondisyon sante pi souvan, bay san epi fe pwosedi ki pi difisil tankou operasyon.

7. Ki sa yon ospitalis ye?

Ospitalis yo se doktè ki espesyalize nan bay swen lopital. Nan anpil lopital ap gen ospitalis kap sipèvize jan wap pran swen, se pa doktè espesyal ou.





FAQs (KESYON MOUN POZE SOUVAN) Kontinye

8. **Kiyès kap pran dènye desizyon pou yo voyem lopital oubyen mwen rete isit la?**
Yon doktè, enfimyè pratikan, doktè asistan nan tèt kole avèk ou, fanmi ou ak enfimyè ou ap pran dènye desizyon an.
9. **Konbyen di mwen gen nan fè desizyon sa a?**
Depatman ki responsab pou swen moun mandé pou ou ka désidé si ou kapab fè desizyon pou têt-ou. Chak moun diféran an tèm de Kantité infomasyon ké yo vlé konnen é konbyen yo vlé égzèsé opinyon yo. Si pou kèk rézon ou désidé ou vlé transféré oswa rété isi-ya kont konsey nan men travayè medikal ou ak enfimyè ou, yo ka mandé-w pou siyèn yon fòm ké ou pran responsablité pou desizyon ké ou pran.
10. **Sak rive si se yon ijans**
Si yo rele 991, wap resevwa tretman sou plas nan men EMTS (ekib anbilans) epi tya voye ou nan lopital ki pi pre a.



FAQs (KESYON MOUN POZE SOUVAN) Kontinye

11. Eske mwen ka mande yon lopital mwen vle?

Ou ka mande sa men nan yon ijans, EMT's ap mennen ou nan lopital ki pi pre a depi yon k aba ou swen ou bezwen. Si se pa yon ijans e lopital ou prefere pre kote ou ye a, yo kapab mennen ou la.

12. Eske fanmi, zanmi oswa moun kap bay swenmwen ap konnen kote mwen ye? Eske yo ap konnen sa ki rivem?

Kekfwa nan yon ijans 911, pa genyen tan pou rele fanmit, zanmi oswa moun kap bay swenout tan ou poko nan wout pou ale lopital. Ou kan mande pou yo rele yo pi vit ke posib. Dokte ou ak etablisman kalifye a oubyen sant reyabilitasyon an gen responsabilite pou yo di fanmi ou sa kap pase. Asiré ké amplwayé yo konnen davans ki moun ou vlé yo kontakté é ki jan yo kap jwenn yo.

13. Eske map kapab kontinye reseswa trètman Fizikal, Terapi Okipasyonèl, oswa Terapi pou fè moun Palé si mwen alé lopital?

Sa depann de rezon ki fè ou ale lopital la ak koman ou malad. Si trètman an dwe kanpe yo ap ba ou li anko lè ou prè.

14. Kissa ki rive afè pèsonèl mwen si mwen transfere nan lopital la?

Wap tounen la a men nan kek ka se ale nan yon lopital reyabilitasyon, mézon dasistans dé rétrèt on diferan mézon dé rétrètkalifye oubyen menm ale lakay gen dwa se pi bon chwa pou ou.

15. Eske etablisman an ap kenbe chanm nan pou mwen pandan mwen nan lopital la?

Pi fò nan fwa yo, rétrèt an ap kenbe chanm ou an pou pliziè jou. Men règleman sa yo varye konsa ou dwawp tounen la a men nan kek ka se ale nan yon lopital reyabilitasyon, Mézon dasistans dé mézon dé rétrèt on diferan mézon dé rétrètkalifye oubyen menm ale lakay gen dwa se pi bon chwa pou ou. Men, règleman sa yo varye konsa ou ta dwe mande yon moun nan la retrèt kay sa politik yo ak ki jan li pral afekte ou.

16. Sakap fet ak zafè pèsonèl mwen genyen yo si mwen transfere lopital?

Yo kapab sere zafè pèsonèl ou yo pou ou isit la.





FAQs (KESYON MOUN POZE SOUVAN) Kontinye

17. Poukisa nou ap pale de sa a kounye a?

Li difisil ak anpil atansyon konsidere opsyon ak ou pèsonèl preferans nan mitan yon kriz, tankou yo te malad ase yo dwe voye lopital la. Ou ka fache, enkyete, oswa santi twò move pou pale sou preferans ou yo ak Travayè medikal ak fanmi ou, zanmi oswa moun kap bay swen nan moman-sa-a.

18. Poukisa desizyon sa a empotan konsa a?

Gen pliziè rezon ki fè desizyon sa a empotan. Pafwa rezidan yo, mamm nan fanmi yo, zanmi oswa moun kap bay swen vin-n trè inkyété lè yon rezidan vin malad épi yo kon mandé pou yo voyé residan-an lopital tandiské yo kap bali trétman isi-ya. Gen kèk danje ak malèz ki asosye ak transfere nan lopital. Transfè a menm, yon lòt anviwònman nouvo anplwaye ak lòt abitid gen dwa koz malèz. Nan danje yo genyen tonbe, blesi soup po, epi li pi fasil pou ta gen enfeksyon. Ni Transfere ak swen nan lopital koute anpil. Asisrans ou gen dwa pa kouvri depans sa yo. Ou dwe poze kesyon sou sa pou ka konsidere enfomasyon an nan desizyon wap pran an.

Swen de kònфò, e Swen Ospis é Direktiv Davans

1. Ki diferans ki genyen ant swen ospis ak swen palyatif

Swen Ospis é Swen dé Kònфò sé pou moun ki nan denye mwa la vi yo (souvan 6 mwa ou pi piti) pandan swen palyatif la ka kontinye pou plizie mwa epi menm plizye ane. Swen ospis la konsantre sou kontwole doule jesyon sentòm, sipò emosyonel ak espirityèl.

2. Ki sa ki swen konфò?

Swen dé Kònфò konsantré sou soulajman doulè ak lòt sentòm tankou kè plen, fatig, déprésyon, pwoblèm respiratoua, konstipasyon oswa dyaré ké maladi oswa trétman ta la kòz. Ekip swen palyatif yo ap ede ou jere maladi ou genyen an, bay solisyón pwatik, swen emosyonel ak spitivityel. Objektif la sé prezèvè lapè, kònфò ak diyité-ou otank posib.

3. Sak rive sim jwenn azil le mwen ale nan lopital la?

Si ou ale lopital, ou gen dwa genyen pou kalifye anko pou azil le ou retounen isit la. Si gen tan, yo ta dwe rele azil la avan ou transfere nan lopital la.

“Se poumon mwen. Pa gen anyen yo ka fe pou mwen anko se konsa mwen pito rete isit la kote yo konnen mwen epi mwen ka alez. Li pa menm bagay si, le yo te fini yo te ka dim leve sou chez la ale nan aktivite. Men sa pap rive.”
(Pasyan)

4. Ki sa diretiv davans yo ye? Eske mwen dwe genyen yo?

Direktiv davans yo se dokiman ki di fanmi ou , founisè swen sante , anploye lopital etablisman kalifye ak sant reyabilitasyon ki swen ou vle reseswa si ou pa ka patisipe nan desizyon paske ou malad anpil. Ou ka di ou pa bezwen kek tretman tankou CPR (retounen anvi) si ke ou kanpe osinon mete ou nan yon machine pou respire si ou pa ka respire pou kont ou. Ou ka di ou vle tout tretman ki disponib si se sa ou prefere. Ou ka chwazi yon moun (oswa ou pa vlé) fè li ou menm.



5. Si mwen gen direktiv davans eske swè mwen yo ap respekte?

Pou asire swè ou yo ap respekte revise yo ak anploye yo, fanmi yon zanmi, oswa yon moun kap bay swen. Asire gen yon kopi nan disponib isi-ya tou. Si yon bon lide pou bay kopi direkiv davans ou ak fanmi ou , fon zanmi, oswa moun kap bay swen Medikal avan. Ou ka renouvlé Avans Direktiv ou-a ninpòt ki lè.

6. Yon fwa mwen fin di swè mwen nan direktiv davans yo, eske mwen kapab chanje lide?


Wi, ou kapab chanje lide ak direktiv davans ou yo lè ou vle.Si ou vlé chanjé Avans Direktiv ou -a, di trayayè medikal-ou, fanmi, zanmi ou oswa moun kap ba-w swen ki chanjmam ou ta rinmen fè.





Desizyon sou fòm yon pye bwa

ALE LOPITAL OSINON RETE ISIT LA



Ap Kontinye konvèsasyon-an...

Ki sa pasyan yo di sou ale lopital oubyen rete nan yon mézon rétrèt lè gen yon chanjman kondisyon ki rive?



"Mwen pran desizyon pam. Mwen kapab nan nivo sa a epi mwen pa bezwen pyès lot moun."

"Mwen tandé doktè a, mwen tandé enfimyè yo epi mwen pran desizyon mwen."

"Piti gason mwen ak 3 ptit fi mwen ap edem pran desizyon. Nou pral pale sous a."

"Map kite li nan men moun kap travay isit la, doktèm yo ak enfimyè yo. Yo konnen plis sous sa pase mwen. Yo ap jis dim si mwen dwe ale."

"Mwen gen sispansyon lè mwen te rete isit la ak lòt lè m te bezwen pou mwen ale lopital. Mwen tap prefere rete isit la. Mwen te kontan isit la epi yo te tretem byen anpil."





Kisa fanmi yo di sou ale lopital ou byen rete rete nan yon mézon rétrèt kalifye le gen yon chanjman kondisyon ki rive?

“Sa a se ta yon bagay nou ta diskite. Sim ta panse li ta bezwen ale lopital, si li ta gen pou jwenn meyè tretman li plis posib poum ta konseye li sa.” (Ptit fi)

“Pa gen moun ki vle wè yon paran nan lopital- li vrèman banm tèt chaje, men mwen te reyalize li te nan men bon moun. Li te nan gwo trètman men koulye a li tounen pou nòmal.” (Piti gason)

“Mwen panse fanmi yo dwe konnen sa kap pase, sa a empòtan pwoblem nan. Se sa, map ka pran desizyon ki kòrèk. Li dwe alèz ak desizyon an.” (Madanm)

“Bondye konnen, tou sa yo panse ke yo ka geri, sa ap byen pase.” (Mari)

“Si se te kansè kote pa gen remèd, lè sa pap gen bezwen pou mande ospis vini isit la. Men si se te yon enfeksyon grav mwen panse li dwe ale lopital pou yo trete li.” (Madanm)

Mwen vle patisipe totalman nan desizyon an, mwen vle konnen tout sak pase. San kondisyon.” (Frè)

“Frè mwen an genyen dokiman legal pouvoua avoka men nou tout pran desizyon pou li ansanm.” (Ptit fi)

“Mwen ta renmen konnen kòman sa enpòtan epi ki rezulta li ap bay.” (Lifelong friend who is health care Surrogate)

“Si se te yon ti bagay piti, enfimyè ki nan sant pou granmoun nan. Kote sa a yo te ka bay antibiotik nan bouch, bagay sa yo konsa. Li depann de ki sa li ye.” (Ptit fi etap)

Map diskite sa ak mari mwen men mwen plis konsene paske mwen isit la chak jou.” (Bel sè)

Kisa Founisè swen yo di sou ale lopital ou byen rete rete nan yon mézon rétrèt kalifye le gen yon chanjman kondisyon ki rive?



“Nou eseye trete malad la nan etablisman an avan nou transfere. Nou di malad yo nou ka pran swen sa isit la pou koulye a. Men nou dwe gade sa epi si sa pa vini pi bon nap voye ou nan lopital.” (Doktè)

“Anpil malad ki la lontan vle patisce nan desizyon an paske yo pitot trete isit la. Malad nan san reabilitasyon yo tou si yo ap fè bon pwogrè.” (Enfimyè)

“Pifò moun fanmi vle kite yon voua. Malady o tou si yo kapab. “(Doktè)

“Kek fanmi patipe anpil, genyen lot ki jis kite sou kont etablisman an ak dokte a men yo vle pou yo toujou konn sak pase.” (Enfimyè)

“Doktè a se preske toujou gadyen an “. (Administratè)

“Kèk foua nou di yo bezwen ale epi yo di non.—Se chwa pa yo. Yo gen yon dwa pou yo rete sou sa yo santi ki pi bon le nou fini eksplike yo ak bayo bon jan garanti” (Enfimyè)

“Avantaj yo genyen pou rete isit se konnen moun kap travay yo.” ((Enfimyè)

Li konsene rezidan yo. Mwen prefere yo trete isit la si sa posib. Nou eseye respekte sa yo pi pito, fe dokte yo patipe ak fanmi an tou.” (Administratè)

Yo kappa pi alèz isit la , men si nou pa ka kontwole doule a osinon yo bezwen pi gwo tes ak tretman nou pa ka fe isi a, yo vreman bezwen ale nan lopital. “(Travayè Sosyal)





Patient-Centered Outcomes Research Institute (PCORI)
te finansé devlopman gid orijinal la.
Eight States of CMS Region IV (Alabama, Florida, Georgia,
Kentucky, Mississippi, North Carolina, South Carolina,
and Tennessee) te finansé nouvau Gid lan.

Copyright. Florida Atlantic University

Visit www.decisionguide.org

Version 2.2

FAU
FLORIDA ATLANTIC
UNIVERSITY